ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,
ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 28 (6428) 9 май 2015 с. Шамат Ражаб 1436 с. Багъа 5 гъур.



БАРКИ

## Баркула Бергьенлъиялъул байрам!

ХIурматиял районцоял! Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго советияб халкъалъ гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабуралдаса 70 сон тIубаялъул байрам. 1945 соналъул май тарихалда гьоркьобе ана нилъер халкъалъул, гьелъул бахIарчиял яргъилал къуватазул гIасрабаз кIочонареб кIудияб гьунаралъул моцI хIисабалда. 70 соналъ цебе лъугIана биялъ ракь лъалъараб, улкаялъе гIемераб къварилъи гьабураб, нилъер халкъалъ бахIарчилъи бихьизабураб рагъ.

Дунялалдаго тIад кверщел гьабизе къасдалда гитлерилал нилъеде тIаде кIанцIана тохлъукьего. Рагъулаб лагералде сверана тIолабго улка. Фронталда ва тылалда кинабго буссинабун букIана Бергьенлъи босиялде. Улкаялъе камуна 27 миллионгIан гIолохъанчи, чIунтана шагьаралги росабиги.

Къо бахъанагIан гвангъун, заман анагIан якъинго инсанияталда цебечIолеб буго КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер халкъалъ босараб цIар рагIараб бергьенлъиялъул дунялалъулго цебетIеялъулъ тарихалъе бугеб кIвар. Нилъер тарихалда жеги букIинчIо кIиабилеб дунялалъул рагъалдаса кIудияб балагь гIадамазде бачIараб, гIемер би гIодобе тIураб рагъ. 70 сон бергьенлъи босун аниги, нилъеда кIочон гьечIо, кIоченеги гьечIо гIагараб улка тушманасдаса цIунарал рагъухъаби, гьезул гьунарал, бахIарчилъи.

КIиабилеб дунялалъул рагъ букIана жиндир роценазул, инсаниятальe ккарал къурбаназул, чIунтелазул ва камиязул рахъалъ бищунго цIоб гьечIеблъун. Гьеб рагъда гIахьаллъана нилъер районалдаса 1380 чи ва кьалул байданалда хутIана ВатIаналъе гIоло рухI кьурав 866 чи. Рагъдаса тIадруссун рачIаразулги районалда гIицIго щугоял хутIана. Нилъеда киданиги кIочене бегьуларо рагъда гIахьаллъаралги, тылалда къаси-къад чIечIого свак лъачIого хIалтIарал, бергьенлъи щвеялъе кьвербакъарал захIматчагIиги. Гьезие бетIер къулула нилъеца. Даимаб рецц ва абадияб хIурмат гьезие.

Биччанте тIокIаб киданиги дунялалда рагъ букIунгутIизе, халкъазул вацлъи, гьудуллъи щулалъизе.

Районалъул киналго гIадамазда Бергьенлъиялъул байрамги баркулаго, гьарула киназего щулияб сахлъи, гьабулеб хIалтIулъ икъбал, рекъел, талихI-роххел. Нилъер умумузда 1941-1945 соназ бихьараб гIадаб къварилъи киданиги бихьугеги наслабазда.

Бергьенлъиялъул байрамгун, хириял районцоял!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Дагъистаналъул лъимал, улкаялъул бахIарзал




НОМЕРАЛДА РУГО:



**20 рагъухъан рагъде ана, анкьгояв гурони тIад вуссинчIо**

-2 гьум.



**Хьарамирза Жаватханов**

-3 гьум.



**Нажмудин ГIалиасхIабов**

-3 гьум.



**«Дун – президентасул кумекчи» гIуцIиялъул хIаракатчагIаз Килалъ чIана 150 пихьил гъветI**

-4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса Пали-хIажи

№ 28 9 май 2015 с.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 70 СОН

# ЧIиркъатIисел рагъдаги ракълилаб захIматалдаги

### ГIабдукарим ГIусманов

**Рагъде ине гIечIев гьитIинав гIолохъанчи 1943 соналъул март моцIалъ гIарзаги къун ВатIан цIунизе ана ЧIиркъатIаса ГIабдукарим. Грузиялъул Гори шагьаралда ругьун гьавуна рагъулаб ишалъе. Гьесда цадахъ рукIана МелъелтIаса СагIидбег ГIабдулахIидов, КъурбанхIажи ГIумаров, ХIабиб Бекмирзаев, ЛъаратIаса Гъули ХIарисеев, ХIажи Гебеков, гьединго ГIаркьухъа, ИгьалисагIолохъаби. Хадур гьел рахъ-рахъалде риха-рикьана. Цадахъ хутIана Гъули ХIарисеев.**

ГIабдукаримие тIоцебе рагъулаб лъадари щвана Белоруссиялъул Орша шагьаралъе гIоло ккараб рагъулъ. Гьенив лъукъарав гьев 15 къоялъ санбаталда вегана. Хадув ГIабдукарим гIахьаллъана Белоруссиялъул, Украиналъул, Латвиялъул, Литваялъул, Бакъбаккул Пруссиялъул шагьаралги росабиги фашистаздаса эркен гьариялъе гIоло рукIарал корборкьарал рагъазда.

Калининград шагьаралъе гIоло рагъулъ ГIусманов кIиабизеги лъукъана. КвегIаб бералда гIарадаялъул тIел щвана. МегIерги бекун букIана. Операциял гьаруна, квегIаб бералдаса ватIалъана, мегIер сахлъана. Калининград эркен гьабиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло «БагIараб цIва» орденалъе. Госпиталалда вегун вукIаго лъана гьесда «Кенигсберг босиялъе гIоло» орденалъе мустахIикълъун вукIин. Щвана гьесие гIемерал медалалги.

1946 соналъул июналда вачIана гIагараб росулъе ГIабдукарим. 6 моцIалъ госпиталалда вегун хадув, 17 ругъун сахгьарурал гIужалгун тIад вуссана гьев. ГIабдукарим хIалтIана колхозалъул батIибатIиял хIалтIабазда. Гьабуна къадахъанлъи, рана росуцоязе минаби. ГIолеб гIелалъе гIемер бицана рагъул хIакъалъулъ, школалде вачIунги, цогидал дандчIваяздаги гьес бицаралъухъ, гьарулел малъа-хъваязухъ кIвар кьун гIенеккулаан школлъимал.

ГIабдукаримица ва лъади РахIматица гIезабуна 10 лъимер. ЗахIмат бокьулел, лъикIаб тарбия щвараллъун гIун рачIана гьел. Руго ГIабдукаримил лъималазул лъимал, гьезулги лъимал.

Сахаватав чи вуго ГIаб-дукарим. ТIубараб гIумруялъго хIажатазе кумекалъул квер бегьулевги, мажгит, мадрасаби раялъе, лъикIаб гьариялъе гIарац кьолевги гьев вуго. Миллионалдаса цIикIкIун гъурущ харж гьабун буго гьес халкъалъе пайдаял ишазе. 500 азарго гъурущги харж гьабун Гъоркьмагъилъ цIияб авалмажгит бана. Кьуна гIарац цогидал мажгитал къачIаялъеги, мадраса баялъеги. ЦIибараб росулъа, тIадехун бугеб басрияб росулъе росуцоял хьвадизе нух къокълъизе кIкIалалда тIасан кьо лъезе гIарац кьезеги хIисабалде босун буго ГIабдукаримица. Аллагьас кирилъун хъвайги, азардаражаялде бахинабеги гьесул садакъа.

### Къурбан МухIамадов

**1942 соналъул март моцIалъ ана ЧIиркъатIаса Къурбан КIудияб ВатIанияб рагъде. Тушманасда данде вагъана Крымалда, Болгариялда, Венгриялда, Румыниялда, Австриялда. Украиналъул ракьалдаги нахъа тана халатаб рагъулаб нух лъабабилеб фронталъул 37 абилеб армиялъул рагъухъабазда цадахъ. Гьес ракIалде щвезабула жинцаго нахъа тараб захIматаб рагъулаб нух, бихьараб гIазаб, гIакъуба. Къурбаница гIемер гьарула рахIму-цIоб гьечIеб кIиабилеб дунялалъул гIадаб рагъ наслабазда бихьугегиян, ракъи баккугегиян, гIадамал цоцалъ рекъон, вацлъиялда хутIагиян.**

Днепралда аскIоб рагъда Къурбание щвана «БагIараб цIва» орден. Бухьенчилъунги вукIана гьев. ХIинкъи бугеб тIадкъай букIана гьеб рагъухъанасе. Минаялде тIаде кканиги, телеграфалъул хIубазде аскIоре рихьулеб мехалда аниги, тушман кьвагьдон гIумруялъе хIинкъи букIунаан.

ГIемер ахIулаан рагъухъан МухIамадов школалде, киданиги гьес учительзабазе инкар гьабичIо, хьвадизе бажарулеб мехалда, школлъималазда дандчIвазе вачIине. Классалъул сагIтаздаги дагьав гурев гьев гIахьаллъарав. Рагъул хIакъалъулъ Къурбаница бицунелъухъ цIалдохъаби сихIкъотIун гIенеккулаан. КигIанго бокьичIониги, гьанже гьесул сахлъи лъикI гьечIо бецлъунги вуго.

Рагъул гIахьалчиясул вуго цо вас, цояв гIумруялдаса ватIалъана, йиго 5 ясги. КIудияв инсуца рицунел рагъул хIакъалъулъ харбазухъ гIенеккизе бокьула гьесул лъималазул лъималазе ва гьезулги лъималазе.

**Тажли МухIамадова,
ЧIиркъатIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

# 20 рагъухъан рагъде ана, анкьгояв гурони тIад вуссинчIо

**Районалъул гIисинал росабазул цояблъун кколеб Кунзахъа КIудияб ВатIанияб рагъде ана 20 чи. Рагъул гIахьалчагIазда гъорлъ рукIана жеги михъида хIур чIвачIел гIолилал: ШугIайб ГIалихIажиев, МухIамад Жаватханов, Сиражудин МухIамадов, АхIмад МаламухIамадов, Ибрагьим МуртазагIалиев, ГIабдулагь ХIайбулаев, МухIамад Ибрагьимов, АсхIабгIали МухIамадов, Къурбан МухIамадов; хъизан - рукъалде руссарал лъимал ругел умумул: АхIмад Жамалудинов, УхIума Жамалудинов, КъурбангIали КаримхIажиев, МухIамад МахIсудов, МухIамад Пирбудагъов, Шамхал Расулов, Шахбан СагIадулаев, ГIабид Сулейманов, МухIамад Сулейманов, МухIамад ХIайбулаев ва гьездаса кIудияб гIелалъул МухIамад МаламухIамадов.**

Киназулго гIадин гьезул щивасулги букIун батила, кIванагIан хехго тушбабаздаса ВатIанги эркен гьабун, ракълилаб гIумруялде, гIагараб росулъе, рокъор тарал умумухъеги хъизан - лъималахъеги тIад руссине анищ. Амма киназулго гуро гьеб мурад тIубараб. АнцIила лъабго росуцояв абадиялъго хутIана рагъул авлахъазда. Гьездасан цояв МахIсудил МухIамад вукъун вуго Смоленск шагьаралда гIагарлъухъ, хутIарал 12 рагъухъан араб бакI лъачIого тIагIана рагъда.

Рагъдаса тIад руссун рачIарал анкьго кунзахъесул жакъа чIаго гьечIо цонигияв. УхIума Жамалудинов хвана - 1974 соналъ, МухIамад Ибрагьимов - 1984 соналъ, ГIалиасхIаб МухIамадов - 1982 соналъ, Къурбан МухIамадов - 1993 соналъ, МухIамад Пирбудагъов -1980 соналъ, Шамхал Расулов - 1994 соналъ, МухIамад ХIайбулаев - 1974 соналъ. Ветераназул лъудбузул жакъа къоялда чIаго йиго гIицIго Хадижат Шахбанова.

Чан чиясха гьекъараб къисматалъул кьогIаб лълъар дол кIикъоабилел балагьал соназ! Хадижат Шахбановалъул рагъда тIагIун руго эменги, вацги, росги. Хадижатил вац АхIмад МаламухIамадов рагъде индал, кIикъоялда анцIилъа гIумру арав эмен МухIамад МаламухIамадов васасда хадув ун вуго - кIиялго тIадги руссинчIо. Хадижатил рос Шахбан СагIадулаев рагъда тIагIана.Цо рокъоса кIигоял рагъде аралги руго хъизаби. Гьединаллъун ккола вацал: АхIматI ва УхIума Жамалудиновал. УхIума тIад вуссана, АхIматI рагъда тIагIана; АсхIабгIали ва Сиражудин МухIамадовал. АсхIабгIали тIад вуссана, Сиражудин рагъда тIагIана; ГIабдулагь ва МухIамад ХIайбулаевал. МухIамад тIад вуссана, ГIабдулагь рагъда тIагIана.

Рагъул гIахьалчи АхIмад Жамалудинов ккола дир эбелалъул эмен. ВатIанияб рагъ байбихьилелде цеве кIудада хIалтIулев вукIун вуго Кунзахъ -Лъанлъариб колхозалъул бригадирлъун. Росуцоязда цадахъ дир кIудияв эменги ун вуго рагъде. Лъабго гьитIинаб лъимер дир эбел ХIасибатги, имгIал МухIамадги,ункъгIал Аминатги хутIана бесдаллъун.

Киназего гIадин бигьаго букIун батиларо мунагьал чураяй дир кIодоэбел ПатIиматие лъабабго лъимер хьихьизе. ЗахIматаб букIана къисмат дол рагъул соназда росал рагъда тIагIарал бахIарчиял руччабазул.

«Хъизан лъималазе гIумру бичарал магIарул руччаби баркала нужей. Умумузул гIадат, магIарул намус, бацIцIадго цIунарал цIаргин рецц нужей»

Баркула киналго районалъул гIадамазда, хасго умумул рагъдаса руссинчIел, инсул хIеренлъи - хинлъи лъачIого кIудиял гIуразда тIаде щвараб КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул байрам.

**АсхIабгIали ХIамзатов,
Кунзахъ школалъул нухмалъулев**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Рагъул гIахьалчиясул цо-цо ракIалде щвеял

**МелъелтIа росдал Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул гIияда вукIарав Абакар ХIасанов витIула росулъа бихьиналгун ва руччабигун цадахъ Оцомюрт абулеб росулъе канал бухъизе. МоцIалдаса цIикIкIараб заманалъ хIалтIула канал бухъулеб бакIалда. Гьесухъе гьенибе бачIуна повестка рагъде витIизе.**

ТIоцеве гьев ккола Кутаиси шагьаралде. Гьенив куцана туманкIалъ кьвагьдезе, гIазулъан хъурщизе. Абакар унтула ва Тифлисалде госпиталалде витIула. КIиго моцI госпиталалдаги бан нахъойги витIула добго Кутаиси шагьаралде. Гьенисан Абакар витIула Абхазиялъул мугIрузде рагъде.

МугIрузде нух букIинчIолъиялъ, квен-тIех бачIунаан чуязда, хIамузда. Чанги хутIун руго цIорорал мугIрузда ракъун, квен босун рачIунезде немцаздаги рихьун кьвагьдон, тIаде риччачIого, рохьил пихъ ва гIурдахIанал кванан. Гьенив лъукъарав чиги самолет бачIунеб бакIалде 12-13 км. ваччизе кколаан. Лага-черх бугев, къуват бугевги вукIун витIулаан лъукъарал раччун. МугIрузда балаан гIемер гIазу, гьениб квачан холеб бугеб халкъ баччизе рачIунаан руччаби ва чIахIиял классазул лъимал. Гьенир хIатIалги цIорон Абакар анлъго моцIалъ ккана нахъеги госпиталалде. Цо окопалда рукIаго бана кутакалда цIад горогун, цIуна жанир лъел окопал. Буюрухъ кьуна немцал гIагарлъулел ругин речIчIеян. Жиндирго туманкIги хIалтIичIого, босана гьалмагъасул ва речIчIана тушбабазда. Тушман нахъе къана. Рагъухъабазда тIаде рачIана командирзаби. Гьез цIарал ана туманкI речIчIаразул, гьелда гьоркьоб Абакарилги шапакъатал кьезеян. Командирас Абакар вачана рагъ букIараб бакIалдаса цоги шагьаралде. Кьуна ретIелги ва гIорцIизегIан кваназеги гьавуна. Гьедин хьихьана 10 къоялъ.

1945 соналъул 16 январалда Абакарги цадахъ ругелги рачана Варшавалда букIараб рагъде. ХIасанов вукIана танковияб пулемет чи. Командирас абуна чIаго хутIараз къасинилъ цоцаца ралагьизе кколин. МаркIачIумех щвелелде хутIун ватана 9 солдатги цо ротаялъул командирги. Гьеб къоялъ рагъухъабазда бащдаб шагьар гурони кверде босизе кIвечIо. ТIаде бачIине кколаан тIадеги къуват. Гьеб бачине ана командирги. ТIаде вачIарав цо полковникас ахIана немцазул танк бачIунеб бугин, речIчIеян. Гьеб бакIалда рагъухъаби лъукъана. Квер, бер, бетIер лъукъарал рагъухъаби госпиталалде рачана. БотIролъ щвараб ругъунгун Абакар рекIеде вачIиндал госпиталалда ватана. Мадар лъугьиндал комиссиялде вачана ва гьениб чIезабуна тIокIалъ рагъде витIизе бегьуларин. Немцаз пленалъе ккун ун рукIарал нилъер руччаби, лъимал, бихьинал цIунун тана. Рокъове тIадвуссунаго Абакарие кьола меседил баргъич, сагIат ва мотор бугеб велосипед. Ростовалде щведал велосипед поездалда лъезе биччаларо. Абакарица гьеб вагоналъул тIохда тIад бухьуна ва гьелда тIад живгоги рекIуна Хасавюрталде щвезегIан. Гьениса рокъове щвезегIан гиризабун гьебгун вачIана, бачине лъангутIиялъ.

Абакарие кьун буго «БагIараб цIва», ВатIанияб рагъул II даражаялъул ва Реццалъул III даражаялъул орденал ва цо чанго медаль.

Рагъдаса тIад вуссун хадубги Абакарица цIидасан вехьасул тIил кодобе босана. ГIемер рачIана Абакарихъе школлъимал, мугIалимзаби, культураялъул, собесалъул хIалтIухъаби.

**ГIазра Халидова,
МелъелтIа росдал маданияб централъул нухмалъулей**

КIУДИЯБ БЕРГЪЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

# 189 фашист чIвана

**Хъарамирза Жаватханов**

**Ингишо росулъа 59 чи ана КIудияб ВатIанияб рагъде. ТIад вуссинчIо 35 чи. ВатIан цIунизе аразул ва бахIарчилъиялда рагъарал цо-цоязул хIакъалъулъ хъвалеб буго жакъасеб номералда.**

**ГIалхулал фашистаз нилъер улкаялъул ракьалда рагъул кор боркьилелдего БагIараб Армиялъул кьеразулъ хъулухъ гьабулеб букIана Хъарамирза Жаватхановас. Белоруссиялъул ракьалда бугеб Гомель шагьаралда букIана гьев гьоркьове унеб часть. Рокьукъав тушманасулгун тIоцебесеб дандчIвай ккана Минскиялда гIагарлъухъ букIараб, гIемерав чиясул би гIодобе тIураб, гIасияб рагъулъ. Гьениб Хъарамирзал квегIаб гьеж лъукъана. Сахгьавизе витIана Брянск шагьаралъул госпиталалде.**

Госпиталалдаса къватIиве виччан хадуб Ингишоса рагъухъанас хIаракат бахъулаан, кIванагIан цIикIкIун тушман гIужие восизе. Амма гьаб нухалда гIужлъун ккана немцазул танк. БакътIерхьул фронталъул 10-абилеб армиялъул 290-абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялъул 885-абилеб полкалде гьоркьобе унеб кIудияв сержант Хъарамирза Жаватхановасул взводалъе рагъулаб тIадкъай букIана Гжатск шагьаралде унеб нухда немцазул гьужумалде дандечIей гьабизе. Цойидасан гьел ругеб рахъалдехун бачIунеб бихьана тушманасул анкьго танк. Гьале тIаде бачIунеб букIараб тIоцебесеб танкалъул рахсал ракьалда тIиритIун ана, гIемер мех инелдего гьелда цIа рекIана, хадур рачIунезулги низам хвараб хIал лъугьана. Гьенив Хъарамирза захIматго лъукъана ва госпиталалде ккана.

Сахлъун хадув гьев ккана Смоленскиялъул фронталде.

Цо борхалъи тушманасда кодоса бахъизе къасдалда, Жаватханов анкьго солдатги цадахъ вачун, уна жиндирго гIумруялъе хIинкъи бугеб, амма бергьенлъиялъе кIвар бугеб тIадкъай тIубазабизе. КIиябго рахъалдасан тIад кьвагьи лъедал немцазул дандечIей загIиплъана. Тушманас щулаго ккун букIараб



гьеб борхалъиялда советиял рагъухъабаз кверщел гьабуна. Гьеб рагъдаги Хъарамирза захIматго лъукъана. Госпиталалде вачун вачIараб мехалъ, тохтурзабазда гьесул черхалда батана 17 ругъун.

«РитIухъаб ишалъе гIоло» абураб фронталъулаб газеталда хъван букIана гьанжеялде Хъарамирзаца 189 фашист чIванилан. «10 къоялда жанив гIужихъан Жаватхановас тIагIинавуна 17 гитлерилав», - абун.

17 ругъунги щун, госпиталалде ккаралдаса хадув тохтурзабаз хIукму гьабуна кIудияв сержант Жаватханов рагъде витIичIого, тылалда тезе. ХIакъикъаталдаги ругъназ загIиплъизабун букIана гIужихъанасул сахлъи. КIиябго бохалда рекъулъизе лъугьана гьев. Амма Хъарамирзае къабуллъичIо гьеб.

- Щай дун тылалда тезе кколев? - ан абуна гьес тохтурзабазда. - Вилълъанхъизе бохдул ругищ? Руго. Кверал, килщал ругищ? Руго. Бералги дир кутакалда цIодорал руго. ГIужде кьвагьизе дихъа жакъаги бажарула. Нижерго мугIрузда дун чанахъан вукIана. Доба дица гIемерисеб чаниде ишан босулароан, рекIелъе гурхIел лъугьунаан. Амма фашистазда гурхIизе гьечIо. ГьанжелъизегIан гьураралго гIадин, хадурккунги гьурила дица гьел. Гьарула дун нахъеги фронталде витIейилан.

Госпиталалдаса гьев фронталде витIана, жиндирго ротаялде ккана. Рагъулал гьалмагъзаби рохана лебалав дагъистанияв жидерго кьеразулъе тIадвуссиналдаса.

Щибаб сордоялъ «чанаве» вахъунаан Хъарамирза. Гьес гIужие росарал гитлерилазул къадар кIинусгоялдасаги цIикIкIана. Москваялда гIагарлъухъ байбихьараб гьужумалъул цебесеб кьерда вукIарав Ингишоса рагъухъан захIматго лъукъана, тIокIав гьев фронталде виччачIо.

Госпиталалде гьесухъе битIараб кагътида рагъулал гьалмагъзабаз гьадин хъван букIана: «Церехун унел руго! Фашистал гьурулел руго Жаватхановасул къагIидаялъ. Нилъер командованиялъ мун вихьизавуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар кьезе. Баркула. Хехго сахлъе, цадахъ бергьенлъи босизе».

КигIанго бокьун букIаниги, жиндирго рагъулал гьудулзабазда цадахъ бергьенлъи босизе Хъарамирза тохтурзабаз фронтальде виччачIо. Гьев, комиссовать гьавун, рокьове витIана.

Фронталдаса вуссун хадув гьев вищана гIагараб росдал Советалъул председательлъун, тIамун вукIана Культураялъул рукъалъул директорлъун, гьаруна цогидалги хIалтIаби.

## Нажмудин ГIалиасхIабов

**1939 сонАлъ Советияб Армиялда тIадаб хъулухъ гьабизе ана Нажмудин. 1941 сонаЛъ КIудияб ВатIанияб рагъги байбихьун, гьенисанго витIана рагъде. БахIарчилъиялда кьерккана лебалав рагъухъан фашистазде данде, цIунана гIагараб ВатIан чияр ракъазда кверщел гьабизе рачIарал хъамалчагIаздаса.**

Лъабго нухалъ лъукъун ккана госпиталазде. Сахлъун хадувги унаан рагъде. РукIана ГIалиасхIабовасул лъикIалан



медалал, «БахIарчилъиялъе гIоло» орден. Рагъ лъугIун хадув гьев цо лъагIелалъ курсантал куцизе витIун вукIана. Рокьове тIадвуссун хадув хIалтIана гIаммаб магIишат цебетIезабиялда.

**Гъойтимир Гъойтимиров,**
**Ингишо росдал маданияб централъул нухмалъулев**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Бакълъулал ВатIанияб рагъда ва тылалда

**БахIарчиго рагъана бакълъулал Гитлерил гъачагъазде данде гьабулеб рагъулъ. Рагъдаги, тылалдаги гьунар бихьизабуразул кьерда рукIана Гумбеталдаса рагъухъабиги, тыл щула гьабиялда хIалтIарал руччабиги.**

«КIудияб ВатIанияб рагъ» абураб тIехьалда хъван буго гумбеталъулазул патриотизмалъул хIакъалъулъ. Гьенир рехсон руго фронталъе гIарцудалъун кумек гьабурал МелъелтIаса Базарган Гебековасул, Къурбан Чаландаровасул, канал бухьиялда хIалтIарал АлхIанат УхIумаевалъул, Марзигат РурухIмаевалъул, Чакар ИсмагIиловалъул, Аргъваниса Хадижат ХIажиевалъул цIарал.

Рагъде росал арал МагIазат ХIажиевалъ, СахIиб ГIалихIажиевалъ тIубазабуна бихьиназ гьабулеб букIараб хIалтIи.

Рагъул кьогIлъи кидаго кIочен гьечIеб буго. Руго хъизаби кIи-кIи вац рагъдаса руссинчIелги, росал дораго хутIун, лъимал ракъдаде рахъинариялъе кIудияб захIмат бачаралги.

Дир эбелалъул эбелалъ, гьелъул ункъгIалалъ (мунагьал чураял) бицунаан жиндирго рос ва гьесул вац Абулкъасим ва ГIамиргIали МухIамадовал, гьезул вацгIал Гъазилав Гебеков рагъдаса тIад руссинчIилан. Дагьалищ щибаб росулъ нилъер гьединал хъизаби ругел.

ЦIадулаб рагъулъ бахIарчиго рагъарал бакълъулазул рагъухъаби мустахIикълъана хIинкъи гьечIолъиялъе, бахIарчилъиялъе, лебаллъиялъе гIоло медалазе ва орденазе. Гьединаздасан цояллъун ккола МелъелтIаса ХIабиб Басиров, Салман СагIидов, ХIабиб Бекмирзаев, Садрудин СагIидов, МухIамад УхIумаев, Дарбищ ХIажимурадов, Аххубег Камалудинов, МухIамад АхIмадибиров, ЛъаратIаса Залимхан Мирзаев, Ингишоса Хъарамирза Жаватханов, Игьалиса МухIамад Чупалаев, ЧIиркъатIаса МухIамадзайид ХIажиев, ЦIиликьа КъутIбудин Оздимиров ва анцI-анцI цогидалги.

Дагьал гуро тIагIарал араб бакI лъачIогоги. ТIагIарал ралагьизе цебе гIемераб хIалтIи гьабуна «БагIарал лъалкIал ралагьулезул» кружокалъ. «Алый факелазул» хIаракатаб хIасиллъун ккана 1981 соналда, рагъулал гьудулзаби МелъелтIаса ХIабиб Бекмирзаевасулги Свердловскиялдаса Трапезниковасулги МелъелтIа дандчIвай тIобитIи. Дун 6 классалда йикIана. Гьеб тадбиралда нижеца гьезда багIарал галстукал рана. Церехун рехсаралги, рехсечIелги рагъухъаби рукIана школалъул цIалдохъабазул хириял гьалбаллъун.

ШагIир, ГIабас Шейховас рагъул гIахьалчагIазде хъван рукIана кучIдулги.

**Заира Базарганова,**
**Гумбет районалъул лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулей**

### ХIабиб Басиров

Гъира бекуларел, квер тIуркIуларел,
ТIанчIаз ярагъ бана рагъул соназда.
РекIелъ хIинкъи гуреб, къел букIунареб,
Къуват данде ана фашизмаялда.
Унтул боснов лъурав Басировасда,
Гьикъе щай лъутарав фронталдеян.
ТуманкI кквезе гIечIев мелъелтIесесда
Абе кинан щварав Харьковалдеян.
Больницадул гордал, цIурдулги гъурун,
ЦIадул окопахъе арав куц лачен.
Врачал тохлъараб заманги цIехон,
Рагъул авлахъазде ккараб куц хьиргъу.
Повестка кьечIого кьалде араца,
Кьибилго чIухIараб гьунар гьабуна.
Кьолол узденгалда хIетI бихьичIеца.
Гитлерил чукъбузул чанагъ бекана.

### МухIамад Чупалаев

Яргъил чвархъиялъги, чол пунхъиялъги,
Чи лъаларо рагъул корохъ гурони.
Гьесул къо хIехьейги, цо хIалккун чIейги
ХIал ккедал бихьула берал ругезда.
ГIадамал цIалула институтазда,
Игьалисес кьалда кьуна экзамен.
ГIолилал руссуна дипломги босун,
Дуе факультетлъун букIана окоп.
Дуца квер биххидал Курт сороданин.
Капутилан абе фашизмаялде.
Кутакал гьужумаз гьесда цIа лъунин.
Кин бугебан гьикъе, гьагаб къавмалда.
Гитлерил чукъбузул мухъалги гъурун,
Мун рокъове щварав къо кIоченаро.
Берлиналъул къеда гьулбасги гьабун
Росулъе вуссараб мех цебе чIола!

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Ветеран - насихIатчи

**УзунхIажи ГIалиев**

**УзунхIажи ГIалиев гьавуна 1920 соналда Ингишо росулъ. 7 класс лъугIун хадув хIалтIизе лъугьа-на Ингишо байбихьул школалъул мугIалимлъун.**

1940 соналда УзунхIажи ана БагIараб Армиялда хъулухъ гьабизе. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьа-раб заманалда гьес хъулухъ гьабулеб букIана Монголиялъул гIорхъода. КьогIал рагъулал соназда гьес цIунана ВатIаналъул гIорхъаби миллитаристи-яб Япониялдаса.

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун хадубги гьес рагъулаб хъулухъ гьабу-на Советияб Армиялда. Росулъе тIад вуссана 1946 соналъ.

УзунхIажи хIалтIана МелъелтIа, ЦIиликь, ЛъаратIа, Ингишо школазда мугIалимлъун. ЛъугIизабуна Буйнак-скиялъул педучилище ва ДГУялъул та-рихалъулаб факультет. ГIун бачIунеб гIелалъе гьес тарбия ва лъай кьуна 50 - ялдасаги цIикIкIун соналъ. Гьев гIемер вахъунаан гара-чIвариялгун цIалдохъабазда ва гIолилазда цеве рагъулабгун патриотикиял темабазда.

УзунхIажи ГIалиевас гIезаруна 5 васги, цо ясги. Гьесул гIумрудул буго 95 сон. ГIумру тIами гьабулеб буго Ингишо росулъ.

**ПатIина АхIмадова,**
**Ингишо росдал библиотекаялъул заведующая**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

## Гори -Житомир -Курск

**ЛъаратIаса СагIидбег ГIалиев 18 сон барав чи ана рагъде 1942 со-налъ бокьун гIарзаги кьун. Гьел рачIинахъего ритIана Грузиялъул Гори шагьаралде. Гьениб анкьги бан гьел ритIула Украиналде рагъ-де.**

ГIахьаллъана Днепралда аскIоб рагъда. Хадув вагъулаго щвана Жи-томир шагьаралде. Гьениб букIараб рагъулъ СагIидбег лъукъула. Гьени-сан витIула Курскалъул госпиталалде, тIад вуссуна 1944 соналъ.

Руго рагъда щварал шапакъатал.

СагIидбег гIемерал соназ хIалтIана райгазеталъул редакциялда бухгал-терлъун. ГьабсагIат гIагараб росулъ мустахIикъаб хIухьбахъиялда вуго.

Гьев жаналда вугеб мехалъ гIемер щвана школлъималгун дандчIвазе школалде, бицана рагъда бихьараб захIмат-гIакъубаялъул, кьуна гьес гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия. Гьанже гьесухъе рокъоре рачIуна школлъимал.

**Барият ГIалиева,**
**ЛъаратIа росдал библиотекаялъ-ул нухмалъулей**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

## Спорталъул къецал

КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда ЧIикь росулъ 25 апрелалъ маданияталъул централъ-ги школалъул учительзабазги гьаруна цадахъал спорталъул къецал: рекери, кIанцIи, квар цIай. Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна цIалдохъабаз ва росдал гIолохъабаз. Къецазда бергьа-разе школалъул дирекциялъ кьуна грамотаби.

**Исрапил Заирбегов**

## ЧIикь субботник

27 апрелалъ субботник тIобитIана ЧIикь росдал хабалал сверун къазе гьеница рищни-къул бакIаризе. Суб-ботникалде рахьана хIалтIун бажа-рулел гIадамал. Сверун къана росдал хабалал маххул сеткаялъ, къватIал гьаруна рацIцIад, нухаздаса хIажат гьечIебщинаб нахъе босана. ХIалтIана ЧIикь росдал администрациялъул бетIер Гьайирбег ГIалиасхIабовасги нухмалъиялда.

**Исрапил Заирбегов**

## Хасавюрталъул педколледжалъул хIакъалъулъ тIехь

ХIурматиял гьалмагъзаби! Дица хIадурулеб буго басмаялда бахьи-зе тIехь. Хасавюрталъул педколледж лъугIаразда гьарула нужго цIалулеб заманалъул, нужерго захIматалъулаб хIаракатчилъиялъул, гIумрудул ну-халъул хIакъалъулъ хъван битIеян гьеб тIехьалда бахъизе.

**Болатхан Халилулаев,**
**педколледжалъул ТОКСалъул нухмалъулев**

РОСАБАЛЪА ХАРБАЛ

# «Дун – президентасул кумекчи» гIуцIиялъул хIаракатчагIаз Килалъ чIана 150 пихъил гъветI

**Килалъ росулъ «Дун – президен-тасул кумекчи» жамгIияб багъа-бача-риялъул хIаракатчагIаз Гумбет райо-налъул администрациялъгун цадахъ тIобитIана Ахихъанлъиялъул сона-лъул хIурматалда гьутIби чIеялъул акция.**

ГьутIби чIеялда гIахьаллъана Гум-бет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Ка-римов**, культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, туризмалъ-ул ва гIолилазул политикаялъул от-делалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов**, «Село Ки-лятль» муниципалияб гIуцIиялъул нух-малъулев **НурмухIамад ГIизудинов**, росдал учреждениязул хIалтIухъаби, жамгIиял вакилзаби.

Рехсараб акция тIобитIана Дагъис-таналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIи-повасул хIаракатчилъиялъул рахъ кква-ялъул, Дагъистан цебетIеялъул при-оритетниял проектал гIумрудалде рахъ-инариялъул, Ахихъанлъиялъул сон гIуцIа-къан нухда регIиялъул мурадал-да. ЧIана гIечул, генул, кокомил, мокь-рол ва цогидалги пихъазул 150 гъветI.

**«Гумбет» РИО**

## ГьитIичаз бихьизабуна исламалъул кьучIал лъикI лъалел рукIин

**15 апрелалда ЦIияб Аргъвани лъи-малазул ахикь спонсораз ва лъимала-зул ахалъул коллективалъ тIобитIана диналъул кьучIал гIисинал лъималаз-да лъаялъул халгьабулеб конкурс.**

Исламияб къагIидаялъ ретIа-къан рукIана конкурсалда гIахьаллъулел лъимал. Гьенире къабул гьарун рукIана конкурсалда гIахьаллъаразул лъаялъе къимат кьезе имамзаби **ХIажи Иналов, Камил Якъубов**, гьединго **ЮсупхIажи Мусаев, Башир ХIажиев, МухIамад Назиров.** ГьитIичазе хIадурун рукIана суалал хъварал билетал. Суалазе жава-бал кьей гуребги, гьез ахIана мавлидал, нашидал ва цогидалги. Конкурсалъ-ул спонсораллъун рукIана лъималазул ахалъул тарбиячIужу **Лайла Назирова** ва ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб шко-лалъул химиялъул учитель МухIамад Назиров. Спонсоразул рахъалъан сайгъ-атал кьуна киналго лъималазе. Конкур-салда бергьаразе къиматал сайгъаталги щвана. Спонсоразе умумуз гуребги баркала загьир гьабуна имамзаби ХIажи Иналовасги, Камил Якъубовасги, лъима-лазул ахалъул заведующая **ХIава Ибра-гьимовалъги.** Гьединго баркала кьуна конкурсалде хIадурлъулаго кумекалъе гьабурал росдал администрациялъул, маданияталъул учреждениязул, школа-зул, библиотекабазул хIалтIухъабазе.

**«Гумбет» РИО**

## Утренник тIобитIана

МелъелтIа росдал маданияб централ-да 6 маялда, КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 4 классалъул цIалдохъабаз утренник (классалъул нухмалъулей **Равзанат ХIасанова**). Лъималаз бихьизабуна рагъул хIакъалъулъ сценка, рикIкIана кучIдул.

Утренник тIобитIана МелъелтIа ма-данияб централъул нухмалъулей **ГIазра РурухIмаевалъул** ва гьеб росдал би-блиотекарь **Умижат Халидовалъул** хIаракаталдалъун.

**«Гумбет» РИО**

## Бицараб мацI бичIчIуларелги рачIуна

**МоцIида жанив чанго нухалъ щола дун МелъелтIе, гIадамазул къваригIел тIубазе пенсионнияб фон-далдеги уна. Районалда цониги от-дел гьечIо пенсионнияб фонд гIадин гIемер къваригIелалъ гIадамал рачIунеб бакI.**

Кида щванги пенсионнияб фон-далъул щивав хIалтIухъанасул каби-неталда клиент камун ватуларо, Улу-биев МухIамадида церени иргаялда чIарал гIемер рукIуна. Пенсионнияб фондалъул хIалтIухъабазда гьоркьов гьечIо щим бахъунев, клиентаздехун кваш кIалъалев чи. АнцIго нухалъ би-цаниги жо бичIчIуларев чи вачIуна гьениве. Живго пенсионнияб фондалъ-ул начальник ТIалхIат Жамалудинов-ги гьитIинасулги кIудиясулги адаб гьабулев чи вуго. Гьелъниги батила хIалтIухъабиги клиентазул адаб ругеб. Дун гьазда берцин вихьизе гьал реццу-лев чи гуро, дидаго бихьараб хIакъикъат хъвалев чи вуго. МагIарул намус – яхIги, иманги бугел гIадамал данделяраб бакIалда гьадин букIунеб батила.

**Бияхъай МухIамадов,**
**ЧIиркъатIа росу**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
КъурмагIиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил
къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1486
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.